



APA KOWÉ WIS TAU KRUNGU ...

.....PERNATAN PAPAT SAKA GUSTI ALLAH?

Kabèh sing ana ing donja iki mlaku nurut pernatan (wèt). Mengkono uga sesambungané manungsa lan Gusti Allah ana pernatané déwé.



PERNATAN 1

GUSTI ALLAH TRESNA MARANG KOWÉ LAN NJAWISAKÉ KATENTREMANÉ URIP

Katresnané Allah

Marga tresnané Allah marang donja iki nganti maringaké Putrané sing mung sidji iku (Jésus), supaja sapa waé sing pretjaja adja nganti nemu karusakan, nanging nduwéa urip langgeng (Jokanan 3 : 16).

Gusti njawisaké katentremané urip.

Hé, wong sing kesel lan njangga abot, pada mrènéa, Aku bakal gawé ajemmu (Matéus 11 : 28).



Nanging akèh sedulur sing durung éntuk urip sing tentrem kaja iku mau. Apa sebabé?

SABEN WONG WIS GAWÉ DOSA LAN PISAH SAKA ALLAH

Apa ta dosa iku?

Manungsa pada nglambrang kaja wedus, déwé-déwé sing ditudju, mangka sakèhé durakané awaké déwé wis dimotké marang Dèwèké déning Allah (Jesajah 53 : 6).

Saben wong gawé dosa

Marga kabèh wong wis pada gawé dosa lan wis adoh saka kamuljané Allah (Rum 3 : 23).

Manungsa iku wiwitané dititahaké supaja bisa sesrawungan karo Gusti Allah, marga saka wangkoté atiné manungsa wis milih dalané déwé. Nglakoni kaja ngono iku djenengé DOSA.

ALLAH

DJALUSU * GOROH DOSA SOMBONG * TJEPAK NESU



MANUNGSA



MULANÉ MANUNGSA ORA BISA NGRASAKAKÉ

DJALUSU DOSA GOROH * SOMBONG



KATRESNANÉ ALLAH LAN URIP TENTREM


* TJEPAK NESU * NGRASANI * SRAKAH

Marga pati iku opahé dosa (mati tegesé manungsa pisah karo Gusti Allah)
(Rum 6 : 23a).

Marga dosané, manungsa pisah karo Gusti Allah. Mulané kabèh apa sing ditandangi, sing rumangsané apik, kaja ta: dana wèwèh, gawé betjik, sadjèn, golèk ngèlmu ora bisa gawé tentremé urip.

Pernatan nomer 3 nuduhaké dalan sing wis ditjawisaké déning Gusti Allah.

JÉSUS KRISTUS DÉWÉ SING PINESTI DÉNING AL



LAH KANGGO NGAPURA DOSANÉ AWAKÉ DÉWÉ

* KUWATIR * NGRASANI * SRAKAH

1. Tekané Jésus wis didjandjèkaké pirang-pirang atus taun sadurungé tekané menjang donja (Lukas 24 : 27).
2. Gusti Jésus iku kahanané langgeng, marga sadurungé Abraham ènèng Jésus wis ènèng (Jokanan 8 : 58).
3. Jésus mati kanggo mbajar dosa-dosané manungsa (Markus 10 : 45).
4. Jésus wis tangi saka pati (Markus 16 : 6).

NGLIWATI GUSTI JÉSUS KOWÉ BAKAL DIAPURA



Gusti Jésus mati nggantèni manungsa.

Gusti Jésus Kristus wis mati sepisan marga dosané manungsa.

Sanadyan ora duwé kesalahan nanging mati kanggo wong wong sing salah, bèn awaké déwé inter teka nèng ngarepé Allah. Jésus matiné ana ing kedagingan, nanging diuripaké ana ing Roh (I Petrus 3 : 18).

LAN ÉNTUK TENTREMING URIP LANGGENG

* KUWATIR * NGRASANI * SRAKAH

Gusti Jésus urip manèh.

Kristus wis mati marga dosa-dosané manungsa. Jésus wis dikubur, lan ing telung dinané wis ditangèkaké kaja apa sing ditulis nèng Kitab Sutji, lan wis ngétok marang Kéfas, bundjur muridé rolas, sawisé iku ngétok marang sedulur kliwat saka 500 bebarengan (I Korinta 15 : 3 - 6).

Mung sidji dalané menjang Gusti Allah.

Jésus dawuh: Aku iki dalané menjang Gusti Allah, Aku sing nuduhaké sapa Allah iku lan Aku sing mènèhi urip marang manungsa (Johanan 14 : 6).

Weruh lan ngerti pernatan telu iku durung sampé.

AWAKÉ DÉWÉ KUDU PERTJAJA LAN NAMPANI GUSTI JÉSUS DADI DJURU SLAMETÉ AWAKÉ DÉWÉ. BANDJUR AWAKÉ DÉWÉ BAKAL NGRASAKÉ KATRESNANÉ ALLAH LAN URIP SING TENTREM.

Kudu nampani Gusti Jésus.

Nanging sapa waé sing nampani Jésus iku diparingi wewenang dadi anak-anaké Alah jaiku sing pertjaja marang Asmané (Jokanan 1 : 12).

Nampani Jésus nganggo pertjaja.

Keslametanmu iku dudu saka kerdjananmu, iku peparingé Allah supaja adja ana wong sing sombong (Efésus 2 : 8,9).



Kowé kudu ngadjak Jésus mlebu nèng uripmu.

(Dawuhé Jésus) Delengen, Aku ngadeg nèng ngarepé lawang lan totok-totok; sapa sing krungu swaraku lan mbukak lawang, Aku bakal mlebu nemoni wong iku (Wahju 3 : 20).

Nampani Jésus tegesé-

1. Ngakoni dosa-dosamu.
2. Gelem ninggalké dosamu (mertobat).
3. Pertjaja jèn Jésus sing maringi pangapura.
4. Ngadjak Jésus mlebu nèng atimu lan nguwasani uripmu.

Ora sampé jèn kowé mung ngerti wulangan iki.


NÈNG NGISOR IKI GAMBARÉ URIPE MANUNGSA ANA LORO

Urip dikuwasani si
aku:

A Si aku nata uripé

† Jésus nèng dja-
bané uripé

- Kabèh kepéngi-
nané dikuwasani
si aku, dadiné
uripé morat-marit



Urip dikuwasani

Jésus:

† Jésus nata uripé

A Si aku dikuwasani
Jésus

- Kabèh kepéngi-
nané dikuwasani
Jésus, dadiné
uripé tentrem.

Gambar sing endi sing nggambarké uripmu?
Kowé milih urip sing endi?

SAIKI KOWÉ INTER NAMPA JÉSUS NGLIWATI PANDONGA

(ndedonga jaiku omong-omongan karo Gusti).

Gusti weruh atimu. Atimu sing moro penting timbangané
omonganmu. Ing ngisor iki ana tjonto kepijé awaké déwé
inter ndedonga.

"Gusti Jésus aku perlu pitulungané Gusti, aku mbukak atiku nampani
Gusti Jésus dadi Djuru Slametku. Uripku bèn dikuwasani Gusti lan nurut
karepé Gusti. Matur kesuwun Gusti mergané dosa dosaku wis diapura
lan Gusti wis mlebu nèng uripku."

Apa pandonga iku tjojtjok ing atimu? Jèn temenan tjojtjok,
ajo pada ndedonga, Gusti Jésus mesti bakal teka nèng
uripmu.

PIJÉ KOWÉ INTER NGERTI JÈN JÉSUS WIS TEKA NÈNG URIPMU?

Apa kowé wis njuwun Jésus mlebu nèng atimu? Nurut Wahyu 3:20 Gusti djandji pijé? Lan nèng endi Gusti saiki?

Gusti Jésus dawuh jèn bakal teka nèng atimu. Pijé kowé bisa ngerti jèn Jésus teka nèng atimu?

GUSTI JÉSUS MARINGI URIP LANGGENG MARANG WONG SING PERTAJA


Awake déwé wis diparingi urip langgeng dening Gusti Allah lan urip iku ana ing Putrané. Sapa sing nduweni Putrané Allah iku nduweni urip. Sapa sing ora nduweni Putrané Allah iku ora nduweni urip. Lehku nulis perkara iku mau kabeh marang kowé iku, supaya kowé sing pada pertaja marang Asmané Putrané Allah pada weruha jèn kowé kabeh iku pada nduweni urip langgeng (I Johanan 5 : 11 - 13).

SAIKI KOWÉ WIS NAMPANI KRISTUS

Mulané akèh perkara sing kelakon nèng uripé awaké déwé kaja ta 5 perkara ing ngisor iki.

1. Kristus wis teka nèng ndjerone atimu (Wahju 3 : 20; Kolose 1 : 27).
2. Dosa-dosamu wis diapura (Kolose 1 : 14).
3. Kowé wis dadi anaké Allah (Jokanan 1 : 12).
4. Kowé wis wiwit ngalami bab sing gedé marga saka kuwasané Allah (Jokanan 10 : 10b; II Korinta 5 : 17; I Tésalonika 5 : 18).
5. Kowé diparingi kwané Roh Sutji sing moro gedé katimbang karo kuwasané donja (I Jokanan 4 : 4).

ORA MARGA PANGRASA.



Awaké déwé ora bisa urip nganggo pangrasa waé. Awaké déwé urip marga pertjaja marang Gusti Jésus lan dawuhé Gusti. Gambar sepur ing nduwur iki nuduhaké gegandèngané wudjud (Gusti Jésus lan sabdané), pertjaja lan pangrasa.



- * Wudjud - Gusti Jésus lan djandjiné
- * Pertjaja - Kapertjajané marang Jésus lan Sabdané.
- * Pangrasa - Marga saka kapertjajané awaké déwé.

Sepur iki sanadyan ora duwé wagé kanggo barang-barang inter mlaku. Awaké déwé ora marga pangrasa nanging saka pertjaja marang Gusti Jésus lan Sabdané.

PIJÉ KOWÉ INTER MÉLU JÉSUS NGANGGO ATI SING MANTEP?



M Mantep ing Gusti sadjroning pandonga (Jokanan 15 : 5,7).

A Arep matja Kitab Sutji saben dina (Para Rasul 17 : 11).

N Nurut lan manut dawuhé Gusti saben waktu (Jokanan 14 : 21)

T Tandang sing apik tanda matur kesuwun marang Gusti (I Korinta 6 : 20)

E Eling lèhmu ngumpul wong pertjaja (Ibrani 10 : 25).

P Pasrah menjang panuntuné Roh Sutji (Galati 5 : 16).



Jèn buku tjilik iki penting kanggo kowé, kowé inter matjakaké kanggo wong lija. Buku **PERNATAN PAPAT SAKA GUSTI ALLAH** iki wis disebar nèng pirang-pirang negara. Lan akèh wong sing wis nampa katentremané urip, sing mung ana ing Gusti Jésus.

Kowé inter ngenggo buku tjilik iki nanging ora éntuk ditiru lan digawé buku lijané, jèn ora éntuk palilah saka **AGAPE BEWEGING**
POSTBUS 9361
PARAMARIBO, SURINAME.